



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON PWOJÈ
PWOTEKSYON KONT INONDASYON KI KOUTE 14 MILYON DOLA NAN
CANARSIE**

***Nan anivèsè gwo tanpèt Sandy a, Eta a kòmanse travay pou pwoteje rezidan yo
bò Fresh Creek nan Brooklyn***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) pral kòmanse konstriksyon sou yon pwojè 14 milyon dola pou pwoteje seksyon nan litoral Fresh Creek nan Canarsie, Brooklyn ki pi andanje yo. Pwojè a pral ede kominote a adapte efè chanjman klimatik yo nan redui tanpèt alavni ak ogmantasyon nivo lanmè, epi ede zòn lan rekipere pi vit pandan evènman tanpèt alavni yo.

"Chanjman klimatik la se yon reyalyte nou dwe abòde epi mwen angaje pou konstwi enfrastruktir ki pral pwoteje kominote nou yo pandan n ap fè fas avèk dlo lanmè k ap monte ak plis tanpèt ki pi fò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Canarsie patikilyèman vilnerab pou vag tanpèt ak inondasyon epi pwojè sa a pral fè katye a vin pi rezistan epi bay rezidan yo tranquilite lespri yo bezwen ak merite".

Pwojè Pwoteksyon Kotyè Fresh Creek la pral itilize estrateji mezi pwoteksyon kont inondasyon pou amelyore rezistans nan kominote a, ki se yon Zòn Espesyal ki gen Risk Inondasyon FEMA deziyen.

Pwojè a pral aplike atravè patnè sou-benefisyè GOSR, Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY).

Chanm a mare yo pral enstale nan ponso ki ale nan Fresh Creek nan Avenues K, Avenue L, Avenue M, Avenue N ak Seaview Avenue. Devèswa nan Fresh Creek nan Avenue M, ke sedimantasyon ak lòt debri bloke ki anpeche sikilasyon dlo, pral rekonstwi yon devèswa egou dlo lapli an beton ame.

Rezidan yo nan zòn sa a sou litoral Fresh Creek la souvan fè fas ak efè chanjman klimatik yo. Dlo a atenn wo nivo pandan vag tanpèt ak gwo mare, ki lakòz debòdman basen kaptaj avèk dlo lapli. Chanm maremotris yo ap ede anpeche dlo soti nan wiso a nan sikilasyon retou atravè ponso epi pèmèt sistèm drenaj ki egziste a pou fonksyone pi

efikas. Restorasyon devèswa Avenue M lan pral diminye enpak ewozyon ki aktyèlman ap deteryore litoral la.

Yo prevwa konstriksyon an ap fini nan otòn 2022.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Jan Nouyòkè yo te viv sa pandan Ida, tanpèt yo ki kite anpil nan katye nou yo paralize se yon bagay k ap rive pi souvan. Pwojè tankou sa yo, sepandan, kapab ede asire enfrastrikti kont tanpèt lokal nou an rezistan epi nou kapab pi byen reponn ak efè chanjman klimatik yo".

Direktè Egzekitif Adjwen Pwogram Rekonstriksyon ak Enfrastrikti Kominotè NY Rising nan GOSR, Eileen Méus, te deklare, "Nan fè patenarya avèk òganizasyon kominotè ak lokal yo nan pwojè Pwoteksyon Kotyè Fresh Creek la, nou te jwenn yon solisyon kolaboratif ki te konte sou kòmantè kominote a ak ekspètiz pati entereze lokal yo. Nou fyè ke envestisman estratejik sa a pral jwe yon wòl enpòtan nan pwoteje Canarsie ak amelyore kalite lavi rezidan yo nan katye sa yo".

Prezidan & PDG DASNY, Reuben R. McDaniel III, te deklare, "DASNY fyè pou fè patenarya avèk GOSR sou konsepsyon ak konstriksyon pwojè tankou Fresh Creek ki enpòtan pou pwoteje kominote sou litoral nou yo kont domaj move tan ak prezève ekonomi yo".

Senatè Roxanne J. Persaud te deklare, "Anons jodi a se bon nouvèl pou elektè ki rete dirèkteman bò Fresh Creek kote kay yo souvan andanje pandan gwo mare, vag tanpèt kotyè ak presipitasyon. Mwen remèsye Biwo Rekiperasyon Apre Tanpèt Gouvènè a ak DASNY pou angajman sa a pou 19yèm Distri Sena nan kad Pwojè Pwoteksyon Kotyè Fresh Creek la".

Manm Asanble Williams te deklare, "Kòm Prezidan sou-komite nan preparasyon ijans ak repons apre katastwòf, mwen aplodi Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a. Mwen pa ka tann pou m wè pwojè Pwoteksyon Kotyè Fresh Creek la ki pral amelyore rezistans nan distri nou an".

Manm Asanble Nick Perry te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Eta New York la pou efò dilijan yo nan asire Pwojè Pwoteksyon Kotyè Fresh Creek vital sa a fini. Nenpòt rezidan Canarsie ki te pase atravè Gwo Tanpèt Sandy a kapab ateste gwo bezwen pou pwojè rediksyon tanpèt tankou sila a ki pral asire yon lòt move tan "inik nan lavi" pa devaste ankò zòn sa a".

Manm Konsèy, Alan Maisel, te deklare, "Fresh Creek ak dlo ozalantou yo te defini Kominote Canarsie pou plizyè jenerasyon. Avèk ogmantasyon nan nivo dlo yo ak ogmantasyon nan vag tanpèt yo, dlo sa yo te tounen yon menas iminan pou vyabilite kominote a. Inisyativ kapital sa a pral fè gwo pa nan amelyorasyon enfrastrikti yo pandan sa ap kreye yon Sid Brooklyn ki pi rezistan. Mwen aplodi Gouvènè Hochul,

Manm yo nan Eta a ak Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a pou travay di yo atravè New York, men tou, espesyalman nan zòn tankou Canarsie".

Prezidan Asosyasyon Sivik Fresh Creek , Maria Garret, te deklare, "Pandan plis pase 20 ane, mwen te eseye fè yo pwojè dekole pou restore kò dlo sa a, Rezèv Natirèl Fresh Creek (Fresh Creek Nature Preserve). Mwen te gen pou m travay avèk anpil ajans diferan ak responsab eli, ki te yon bagay difisil. Akòz mwen se yon rezidan nan zòn lan, mwen te kapab ede kenbe pwojè sa a vivan epi se poutèt sa li toujou enpòtan anpil pou enplike rezidan yo. Se pa sèlman mwen ki fè sa, men se efò tout kominote a".

Konsènan GOSR

GOSR te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising (NY Rising Housing Recovery), pwogram Ti Bisnis yo, pwogram Rekonstriksyon Kominotè, pwogram Enfrastrikti ak pwogram Rekonstriksyon apati Konsepsyon li yo, GOSR ap investi 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global Devlopman Kominotè federal-Finansman pou Rekiperasyon apre Katastwòf yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou <http://stormrecovery.ny.gov/>.

Grask ak Pwogram Rekonstriksyon ak Enfrastrikti Kominotè NY Rising lan, Eta a pran yon seri inisyativ ki devlope pandan pwosesis planifikasyon kominotè asandan li pou amelyore rezistans, pwoteje enfrastrikti enpòtan, diminye risk pèt ak domaj ki asosye avèk katastwòf alavni epi redui difikilte.

Kounye a nan faz aplikasyon an, GOSR travay avèk yon seri patnè minisipal, konte ak san bi likratif pou reyalize plizyè santèn pwopozisyon ki konsevwa nan nivo lokal.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)